



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON POU PWOGRAM BOUSDETID CAREY GABAY LA OUVRI POU ANE 2022

*Gen senk nouvo etidyan egzanplè yo pral chwazi pou pwogram bousdetid la*

*Aplikan ki enterese yo ta dwe aplike [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke State University of New York kounye a ap aksepte aplikasyon ane 2022 pou Bousdetid Komemoratif Carey Gabay la. Bousdetid la onore Carey Gabay, yon avoka ak fonksyonè piblik ki te mouri trajikman antanke yon viktim inosan nan vyolans ak zam nan ane 2015. Pwogram sa ap bay bousdetid konplè pou senk nouvo etidyan nan SUNY ki montre egzanp angajman Gabay nan jistis sosyal, lidèchip ak konsèy, ansanm avèk istwa pèsonèl li sou siksè akademik ak nan simonte antesedan ekonomik defavorize li.

"Carey Gabay te reprezante meyè nan nou epi avèk bousdetid sa, devouman li pou jistis ap kontinye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Elèv yo ki resevwa Bousdetid Komemoratif Carey Gabay la gen opòtinite pou onore non li epi kontinye eritaj li nan dirije eta nou an avan nan direksyon yon avni ki pi jis ak egal epi mwen ankouraje tout moun ki angaje pou yo kreye yon pi bon New York pou yo aplike".

**Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare,** "Bousdetid Komemoratif Carey Gabay la plis pase yon opòtinite pou senk etidyan resevwa yon edikasyon premye nivo, li sèvi tou kòm yon rapèl ke aktivis li kontinye enspire etidyan SUNY yo ki mache nan tras li yo kòm fiti aktè chanjman ak lidè nou nan jistis sosyal. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman pèsonèl li nan edikasyon siperyè kòm yon mwayen pou ekite ak mobilite ekonomik, epi nou pa ka tann pou nou akeyi senk nouvo lespri entelijan nan kanpis respekte nou yo, ki leve yo pou yo ka atenn rèv yo".

**Fondatè Fondasyon Carey Gabay la, Trenelle Gabay, te deklare,** "Yo te pran Carey nan men nou twò bonè, men apati trajedi a te vini opòtinite pou dirije etidyan New York yo vè yon pi bon avni. Ekite ak jistis Carey reprezante ap viv gras ak bousdetid sa epi atravè Fondasyon Carey Gabay la ki sèvi pou oryante jèn defavorize yo ke yo twò souvan neglije. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li kenbe eritaj Carey vivan epi pa ka tann pou nou anonse benefisyè yo ane sa".

Gabay te grandi ap viv nan lojman piblik epi li te ale nan lekòl piblik nan Bronx. Apre yon karyè reyisi nan lekòl segondè, li te gradye nan Harvard University ak Harvard Law School. Li te gen yon angajman dirab a sèvis piblik epi li re-envesti nan moun sila yo ki otou l, e pandan li te nan Harvard University, li te kandida pou l te vini prezidan kò etidyan premye sik la. Pandan karyè li, li te travay san pran souf nan sèvis piblik, li te kòmanse an 2011 kòm yon Konseye Adjwen pou ansyen Gouvènè a epi apre, kòm premye Konseye Adjwen pou Empire State Development Corporation.

Pwogram Bousdetid Komemoratif Carey Gabay la pral yon lòt fwa ankò bay bousdetid konplè ak senk etidyan pou pase kat ane nan inivèsite SUNY yo apati ane lekòl 2022-23. Bous detid sa yo ap kouvri tout depans pou prezans, sa gen ladan frè eskolè, lojman ak manje, frè kolèj, liv ak founiti, ak transpò ak depans pèsònèl. Benefisyè bousdetid yo pral patisipe tou nan yon pwogram oryantasyon. Aplikasyon yo disponib [isit la](#) epi dat limit la se 30 jen 2022.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)